

SÈVIS LAKOMINYON



Reyinyon An

ENVITASYON

Bondye toupisan,

Tout kè louvri devan w, ou konnen tout dezi nou yo, epi okenn sekrè pa kache pou ou.
Netwaye panse ki nan kè nou grasa enspirasyon Lespri Sen an, dekwa pou nou kapab
renmen w ak tout kè, epi pou nou kapab leve non w pi wo jan ou mande sa, atravè Senyè
nou an, Jezi Kris. Amen.

Jezi Kris Senyè nou an envite tout moun sou tab la.

Si ou renmen Jezi Kris, si ou repanti ak tout kè pou tout peche ou yo,

E si ou cheche viv an pè ak lòt yo, nou di w

Byenvini.

Vini, epi resevwa kado Senyè nou an ap ofri w.

KONFESYON & PADON



Senyè a bay nou lòd sa “*Se pou ou renmen Mèt la, Bondye ou, avèk tout kè ou, avèk tout nanm ou, avèk tout lide ou, avèk tout fòs ou. Men dezyèm kòmandman an: Se pou ou renmen frè parèy ou tankou ou renmen pwòp tèt pa ou. Pa gen lòt kòmandman ki pi konsekan pase sa yo.*” (Mak 12:30-31)

Pawòl Bondye di :

“*Si nou di nou pa gen peche, se tèt nou n'ap twonpe. Verite a pa nan nou. Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan li. Paske l'ap fè sak gen pou fèt la: la padonnen tout peche nou yo, la netwaye nou anba tou sa ki mal. Men, si nou di nou pa t'fè peche, nou fè Bondye pase pou mantò: Pawòl li pa nan kè nou. Ptit mwen yo, m'ap ekri nou lèt sa a pou nou pa fè peche. Men, si yon moun rive fè peche, nou gen yon avoka k'ap plede pou nou bò kot Papa a: Se Jezikri, moun ki te mache dwat devan Bondye a. Paske, Jezikri te ofri tèt li tankou bèt yo ofri bay Bondye, pou Bondye te ka padonnen peche nou yo, pa peche pa nou yo ase, men peche tout moun tou.*”
(1 Jan 1:8-10; 2:1-2).

Ann kenbe fèm nan konfyans nou genyen an, paske nou gen Jezi, ptit Bondye a, k'ap sèvi nou yon gwo granprèt, li travèse syèl la jouk li rive devan Bondye menm. Granprèt nou an, se pa yon moun ki pa kapab soufri ak nou nan feblès nou. Okontrè, nou gen yon granprèt ki te pase anba tout kalite tantasyon menm jan ak nou. Men, li pa t'janm fè okenn peche. Se poutèt sa, ann pwoche avèk konfyans devan fotèy kote Bondye ki renmen nou an chita. Se la n'a jwenn padon pou peche nou yo, se la n'a jwenn pou gremesi sekou n'a bezwen lè nou nan nesesite.” (Ebre 4:14-16).

Alò, ou bezwen bese w byen ba pou konfese peche devan Bondye toupisan an, epi youn anvè lòt (silans).



Bondye ou menm ki chaje ak mizerikòd,
Nou konfese peche nou ak sa nou fè kont ou
Nan panse, nan pawol ak nan aksyon,
Atravè aksyon nou komèt,

E atravè aksyon nou neglige fè yo.

Nou pa rive renmen w ak tout kè nou vre;

Nou pa rive renmen pwochen nou yo menm jan ak tèt nou;

Nou vreman regret e nou repanti ak tout imilite devan w.

Akoz ptit ou Jezi Kris,

Gen pitye pou nou e padone nou;
 Dekwa pou nou ka rejwi nan volonté W,
 Epi mache nan chemen ou yo,
 Pou glwa non W.
 Amèn.

Tande bòn nouvèl la:

Bondye moutre nou jan li renmen nou anpil; paske nou t'ap fè peche toujou lè Kris la mouri pou nou. (Women 5:8).



*Seyè a gen kè sansib, li gen bon kè.
 Li pa fè kòlè fasil, li p'ap janm sispann renmen nou.
 Li p'ap pase tout tan l' ap pini nou, li pa ankòlè pou lontan.
 Li pa aji ak nou jan nou ta merite l' la,
 li pa pini nou jan l' ta dwe pini nou.
 Menm jan syèl la byen lwen anwo tè a,
 se konsa Seyè a renmen moun ki gen krentif pou li.
 Menm jan kote soleÿ leve a
 byen lwen ak kote soleÿ kouche a,
 se konsa li wete peche nou yo, li voye yo jete byen lwen nou.
 (Sòm 103:8-12).*

Papa nou ki nan syèl la, akoz mizerikòd li, li pwomèt pou L padone peche tout ki repanti ak senserite epi ki dakò retounen vin jwenn Li.

Nan non Jezi Kris, peche w padone! Alelouya !

Sèvis Lakominyon

PATAJE PEN AN EPI BWÈ NAN GODE A



Frè ak sè m yo,
 Jou lannwit li te livre tèt li pou nou an,
 Li pran pen an, lè li fin di Bondye mèsi li kase l',
 epi li di:

*“Pran, manje, sa se kò m, se pou nou li ye.
Se pou nou fè sa pou nou ka chonje mwen.*

(Kase pen an)

(Pran gode a)

Konsa tou, apre yo fin manje,
li pran gode diven an, li di yo:

*“Gode sa a se nouvo kontra
Bondye fè avè nou nan san mwen.
Se pou nou fè sa chak fwa n'ap bwè ladan l'
pou nou ka chonje mwen.”*

Kris te ofri kò l pou ou. Amèn.
Kris te ofri san l pou ou. Amèn.

(Moun ki sèvi yo resevwa pòsyon pa yo avan pou yo bay egzanp la pou tout lòt yo)

LAPRIYÈ POU PWOCHÉ BÒ TAB SEYÈ A AK IMILITE

Nou pa pretann nou ka pwoche bò tab ou a, Senyè Bondye,
Kòmkwa nou jis ase devan w,
Men se akoz gras ou ki gran e ki ap debòde.
Nou pa diy ase pou nou ta ranmase ti myèt pen ki anba tab ou a.
Men ou se menm Bondye a, ou toujou byen dispoze pou ou fè nou gras. Se poutèt sa,
nap mande w, O Papa ki gen bon kè a, pèmèt nou manje chè Pitit ou Jezi Kris epi bwè
san li, pou kò peche nou yo kapab vin pwòp grasa kò li, pou nanm nou kapab lave
atravè san l ki pi chè pase tout bagay, epi pou nou kapab rete nan li, e li menm li rete
nan nou. Amèn.

LAPRIYÈ SENYÈ NOU AN

Kounya, jan Senyè Jezi Kris te aprann nou, annou priye ak tout fòs nou:

*Papa nou ki nan syèl la,
Nou mande pou yo toujou respekte non ou.
Vin tabli gouvenman ou,
pou yo fè volonte ou sou latè, tankou yo fè l' nan syèl la.*

*Manje nou bezwen an, ban nou l'jòdi a.
Padonnen tout sa nou fè ki mal,
menm jan nou padonnen moun ki fè nou mal.
Pa kite nou nan pozisyon pou n'tonbe nan tantasyon,
men, delivre nou anba Satan. Paske,
se pou ou tout otorite, tout pouvwa ak tout lwanj,
depi tout tan ak pou tout tan. Amèn.*

(Bay enstriksyon pou fason y ap resevwa pòsyon yo)

BENEDIKSYON AN

Fè ak sèm yo,
Jezi te di, “*Lapè ak nou! Menm jan Papa a te voye m'lan, se konsa m'ap voye nou tou.*”

Senyè, ede nou mache chak jou nan prezans ou; ede nou declare ak bouch nou ke nou kwè laverite konsènan padon peche ak kò fizik ki gen pou resiste. Voye nou ak pisans Lespri Sen Ou a pou nou viv epi travay pou louwanj ak glwa ou. Amèn.

Adapte dapre

“Anglican Liturgy.” Asbury Theological Seminary.

The Book of Common Prayer, The Episcopal Church, Church Publishing Incorporated, New York.

“A Service of Word and Table I,” The Methodist Publishing House, UMPH.